



**AKADEMI  
KREYÒL AYISYEN**



# **KONKOU LITERÈ**

**Prezantasyon**

*Pri woman  
Émile Célestin Mégie*



© Akademi Kreyòl Ayisyen, Janvye 2024

[www.akademikreyol.net](http://www.akademikreyol.net)



## **Entwodiksyon**

Kreyatè yo pwodui anpil bèl zèv nan lang kreyòl ayisyen an, men konsta nou fè montre, nonsèlman pa gen anpil woman kreyòl nan literati ayisyen an, men tou pa vrèman gen pri ak rekonpans pou onore travay sila yo ki ap fè jefò pou rann patrimwàn literè ayisyen an pi rich.

Daprè *Lwa kreyasyon Akademi Kreyòl Ayisyen* an (AKA), Akademi an dwe fè tout sa ki nesesè pou li ankouraje pwodiksyon nan lang kreyòl la (**atik 11-a**). Nan konteks sa a, Akademi an deside òganize yon konkou literè. Pou premye edisyon Gran Pri Literè Akademi an, AKA kreye «**Pri woman Émile Célestin Mégie**» ki ap rekonpanse, nan ane 2025, yon woman an kreyòl ki genyen bon kalite literè. Pri sila a se yon fason pou nou kontinye onore memwa ak zèv **Émile Célestin Mégie**, yon kokennchenn ekriven, yon kreyolis wòdpòte ki kite nou nan dat 5 jiyè 2018.

## **Metodoloji**

Woman jiri a ap konsidere, se sila a ki respekte kritè AKA defini nan règleman pri a, tankou respè rezolisyon AKA adopte konsènan alfabè ak òtograf lang kreyòl ayisyen an. Akademi an kreye yon jiri ki gen senk (5) manm. Misyon manm jiri a se analize woman patisipan yo daprè griy evalyasyon Akademi an defini.

Jiri a gen ladan li Akademisyen ak lòt pwofesyonèl ki gen konesans ak rekonesans nan literati kreyòl. Pwosesis ki pral debouche sou seleksyon gayan pri a ap transparan e li ap respekte etik ki karakterize tout pri serye.

## Règleman

**Atik 1.-** Pri woman Émile Célestin Mégie ap fonksyone sou lobedyans Komisyon kilti ak literati Akademi Kreyòl Ayisyen.

**Atik 2. -** Pri woman *Émile Célestin Mégie* ap rapousuiv objektif sa yo:

- a) Ogmante kantite woman ki ekri nan lang kreyòl ayisyen an;
- b) Fè pwomosyon bon kalite woman ki ekri nan lang kreyòl ayisyen;
- c) Ankouraje ekriven ki ekri woman nan lang kreyòl ayisyen;
- d) Fè dekouvri woman ki ekri nan lang kreyòl ayisyen an.
- e) Ankouraje plis lektè apresye woman ki ekri an kreyòl ayisyen.

**Atik 3.-** Pri woman Émile Célestin Mégie ouvri pòt li pou tout kandida, Ayisyen ki ap viv nan peyi Ayiti oubyen ki abite nan peyi etranje ki itilize lang kreyòl ayisyen an nan travay kreyasyon yo.

**Atik 4:** Maniskri yon kandida pwopoze dwe yon zèv orijinal li pat ko janm pibliye okenn kote, sou kèlkeswa fòm nan.

**Atik 5 :** Zèv la dwe yon pwodiksyon endividyèl.

**Atik 6 :** Maniskri a dwe respekte dispozisyon ki nan Premye ak nan Dezyèm Rezolisyon Akademi an sou òtograf lang kreyòl ayisyen an (Yo disponib sou sipò papye nan lokal AKA nan # 20, Avni Lamatinyè / Bwa Vèna ak sou Sit ofisyèl enstitisyon an : [www.akademikreyol.net](http://www.akademikreyol.net))

**Atik 7 :** Tèks AKA ap konsidere pou konkou a, se sila yo ki respekte Règleman Pri a.

**Atik 8 :** AKA p ap retounen tèks orijinal li resevwa yo.

**Atik 9:** Tèks orijinal la dwe ekri nan *Word*; li dwe genyen 150 paj pou pi piti, 250 paj pou pi plis, nan fòma  $8 \frac{1}{2} \times 11$ ; karaktè : *Times New Roman*; polis 12; maj anwo, maj anba: yon pou chak kote; maj adwat, maj agoch: yon pou chak kote.

**Atik 10:** Otè a dwe voye tèks la nan adrès elektwonik AKA:

*enfomasyon@akademikreyol.net*.

**Atik 11:** Chak patisipan dwe prezante yon sèl tèks.

**Atik 12:** Maniskri a dwe rive nan AKA anvan dat limit AKA fikse a.

**Atik 13:** Patisipan an dwe ranpli yon fòmilè enskripsyon, siyen yon kontra kote li aksepte prensip konkou a, epi voye de (2) dokiman yo nan AKA. Kandida yo ap jwenn dokiman sa yo nan biwo AKA,

sou paj **Facebook** li e sou sit entènèt enstitisyon an [www.akademikreyol.net](http://www.akademikreyol.net). Pou plis detay ak enfòmasyon, kontakte AKA:

(509) 2817-5964 / 3333-0815 / 3333-0817;

**Imèl:** *enfomasyon@akademikreyol.net*

**Atik 14:** Gayan Pri woman **Émile Célestin Mégie** a ap resevwa rekonpans sa yo:

1. AKA ap fè 500 liv epi gayan ap genyen 300 kopi liv la.
2. Pwomosyon zèv nan Bilten enfòmasyon AKA a epi nan tout rezo sosyal enstitisyon an;
3. Patisipasyon kòm entèvenan nan divès aktivite AKA tankou selebrasyon Mwa lang ak kilti kreyòl;
4. Akonpayman AKA nan fè pwomosyon zèv li a nan:
  - ❖ Lekòl
  - ❖ Radyo
  - ❖ Jounal
  - ❖ Televizyon

### **Kalandriye reyalizasyon Pri woman Émile Célestin Mégie**

Lansman ofisyèl : 22 janvye 2024

Dat limit pou enskripsiyon nan konkou a: 18 fevriye 2024

Dat limit pou patisipan yo remèt maniskri yo : 31 me 2024

Anons gayan an : 28 oktòb 2024

Remiz ofisyèl Pri woman Émile Célestin Mégie : 29 mas 2025



## Konsènan Émile Célestin Mégie

Émile Célestin Mégie (*Togiram*) santre pifò woman li yo sou reyalite vodou a. Togiram te manm mouvman literè Sosyete Koukouy. Li te kolabore nan plizyè jounal anndan peyi a : *Le Petit Samedi Soir, Le Nouveau Monde, Le Nouvelliste*. Pandan Togiram te ap ekri woman ak pwezi, li te yon militan ki te ap defann kilti popilè a ak lang kreyòl la. Togiram se yonn nan ekriven lang kreyòl ki pa deparye lang kreyòl la ak kilti popilè a. Jounal *Le Nouvelliste* 16 oktòb 2014 rapòte anplis 34 liv li ekri yo, li pibliye plis pase 700 atik nan *Le Petit Samedi Soir*.

Togiram reprezante yon ekriven ki enpòtan anpil pou kilti popilè a anndan batay pou respè lang kreyòl la. Se gras a pozisyon li te pran pou son yo rele "oun", yon son ki pase nan nen, oswa "ou" nazal la, ki pèmèt son sa a jwenn plas li nan alfabè lang kreyòl la kòmsadwa. Son «ou» nazal sa a, nou jwenn li nan mo tankou ounyan, ounfò, ounegenikon, ountò, elatriye. Se yon son ki sòti nan lang fon, yon lang nan kontinan afriken an. Li goumen pou yo pa konfonn li, ni ranplase li ak yon lòt son, ki ta tou pre. Si pou alfabè kreyòl la pa ta rekonèt egzistans son sa a, se tankou alfabè lang pèp la ta voye jete nan raje yon pati nan reyalite lavi pèp la, yon pati nan istwa pèp

la, yon pati nan kilti peyi a. Se ta asepte yon diskriminasyon anplis nan sosyete a anba dra lasyans. Lòt aspè ki enpòtan nan eritaj Togiram nan, se

maryaj li fè ant lang kreyòl la ak lavi toulejou pèp ayisyen an. Nan jounal *Gindòl*, li te kreye epi dirije (1971-1978), nou jwenn atik ki pale san konplèks sou tout kalite sijè nan lavi popilasyon an: seremoni lwa, dans lwa, seremoni boule zen, vwayaj nan move wout, riske lavi nan chache tretman. Togiram ka ede Ayisyen jwenn ki jan pou yo kanpe nan kilti peyi a, nan lang peyi a, nan literati peyi a.

### **Men kèk pamì liv Togiram te pibliye yo:**

- ❖ *Ale-Vini Mirak (nouvèl)*, 1946
- ❖ *Feuilles d'ortie (poésie)*, 1953
- ❖ *Byen viv (teyat)*, 1967
- ❖ *Senserite nan lanmou (teyat)*, 1968
- ❖ *Lanmou lasigwav (istwa kout)*, 1968
- ❖ *Lettre à une poétesse (poésie)*, 1970
- ❖ *Bouquets de glanures (poésie)*, 1974
- ❖ *Lanmou pa gen baryè (Tòm I) woman*, 1975
- ❖ *Lanmou pa gen baryè (Tòm II) woman*, 1977
- ❖ *Lanmou pa gen baryè (Tòm III) woman*, 1981
- ❖ *Kèzini (woman)*, 1985
- ❖ *Agasya (woman)*, 2003.



Sant N A Rive  
ESPAS KREYÒL  
SOSYETE KOUKOUY

Haitian American Foundation for Cultural Education (**HAFCE**).  
Komite Entènasyonal Pou Kore Alfabetizasyon an Ayiti (**KEPKAA**)  
SAMEDI LITERAIRE HAÏTIANO CANADIEN

---

**Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA)**  
20, Avni Lamatinyè (Bwa Vèna) HT6114 Pòtoprens, Ayiti.  
Telefòn: (+509) 3333-0815 / 3333-0816 / 3333-0817  
Imel: [enfomasyon@akademikreyol.net](mailto:enfomasyon@akademikreyol.net)  
Sítwèb: [www.akademikreyol.net](http://www.akademikreyol.net)

